## ADAMA CISSE : 1er Conte

### Lu Waral Ñuy Naan : "Musiba Mbaba Kumba"

Benn gôôr la oon bu amoon jurôôm naari
doom. Ku ci nekk boo motaan am jabar,
mu yébal la bërëp. Bu ko defe nga waxtaan
ak ndaw si be xam sikkam, boo dellusee
wax ko ko. Bu de sikk sumu mëna faj la
nak mu door la ko takkal. Ki nga xam
ne kii mooy taawi gôôr gi ko baayam
yebalee be mu dem waxtaan ak ndawam
sa, xam sikkam, mu ñëw ne baay ji :
- "Baay, ki nga ma yebal, degg naa ne
baax na gèpp mbaax. Wante ñu ne daal,
lènn rek mooy sikkam ; dafa mëna dox"
Baay ji ne ko:"soosu sikk yombb na
faj. Demal ñu may la ko".
Nu may taw bi jabar. Ba nga xamee ne
céyt ga jot na, baay am daldi defar
benn néég boo xam ne céyt
bi ci laa wara wacc.
Néég ba nak, amul bunt. Fu la nééx rek
jaar. Foo bëtt dem. Ba mu ko defee, ñu
xaawi sakketu kërga. Ña indi céyt ga
ba ñu agsee ba gis néég ba seen doom
wara wacc, ak kërgi ni mu mel ñu daldi
jaaxle lool, ñu laaj leen lu waral loolu.
Seen goro tontu leen ne:"nun kat danoo
deeg ne ki ngeen ñuy indil ab doxkat
la, motax nu defal ko nii, ndax suy dem
du am dara lu koy teye, fu ko neex
jaar". Céyt bi daldi ne :"man mi de rus naa.
Fama dékk nu mu sëre ak fii
ba ñii xam samaab dox. Man daal, bayi
dox war na ma. Dootu ma dox mukk".
Kooka, sikkam ~~ñ/~~ deñ na.
Ñaareelu doom ji ba mu motee am

.../...

jabar, baay ji yebal ko börëb mu dem
waxtaan ak as ndawam, fexe be xam sikkàm
mu dellusi ne baay ji : "Man de ki nga
ma yebal nu ne baax na gépp mbaax wante
ñu ne daal, ku mena yaxa dugub la".
Baay ji ne ko : "soosu sikk yombb na
faj. Demal ñu may la ko".
Ba ceyt ga jotee, baay ji jël ay saak
dugub, tassaree pepp yi ca biir néég
ga. Foodox rek dëgg ci dugub. Ba ñu indee
ceyt ba, seen yaram yiy daw ndax dugub
ji ñuy joggi. Ñu ne : "mòyyéén. Liilan la".
Seeni goro tontu leen ne "dañoo degg ne
ki ngeen nuy indil yaxakat la moo tax ñu
defal ko ni". Ndaw sa rus, waat ci yala
ne dootul yaxa dugub. Kooku, sikkam
deñ na.
Bi ñetteelu doom ji matee am jabar, mu def
niiy maroomam, dem fa ñu ko yebal, wax
taan ak as ndawam, xam sikk sa, ñëw
nettali ko baay am ci baat yi "baay, ki
nga ma yebal de baax na gépp mbaax
wante bari na wax lool". Mu ne ko:"loolu
yombb na faj. Dëmal ñu may la ko". Nu
may ko ko. Ba céyt ga jotee, baay ji dem
ca àll ba, picc bu ci dàq wax mu jàpp
la indi, lu deme ni waga-waga, gulalul,
retet. Mu jàpp yëpp yeew leen ca neeg ga
yii ci biir, yi ci biti. Bá waa céyt ga
agsee, jaaxle lool ca lu ñu gis. Ñu laj
leen lu waral loolu. Seen goro tontu
leen ne :"danoo degg ne geen nuy indil
dafa bare wax, moo tax nu wutal ko ay
wéétal ndax bu nit ñi tëddee, muy wax ak
ñoom". Ndaw sa daldi rus, waat ci yàla ne

.../...

dama wañi wax. Kooku it sikkam deñ na.
Bi ñeenteelu doom ji jotee am jabar, moom
it mu def ni mag am yi, dem fa ñu ko
yebal, waxtaan ak as ndaw, xam sikkam
ñëw nettali ko pàppaam :"Baay, ndaw si
de baax na gépp mbaax wante ñu ne
dafa siis". Mu ne ko : "demal ñu may la
ko kooku yombb na faj". Mu dem ñu may
koko. Ba céyt ga jotee, ba ndaw sa
ñëw, bu toggee, ku mu wo nga ne ko
suur naa, te ku togg tibal ko. Loolu jaaxal
ko lool mu laaj lu ko waral. Ñu ne
Ba nga xamee ne juróòm benneelu doom ji
mët na am jabar, mu def ni ay magam,
dem fa ñu ko yebal waxtaan ak as ndawam
xam sikkam, nëw nettali ko papam ci baat
yi : "baay ki nga ma yebal ñu ne baax
na gépp mbaax wante nu ne dafa mena
fen". Mu ne ko :"demal ñu may la ko
kooku yombb na faj". Mu dem ñu may ko
ko. Ba ndaw sa seeysee, ñuy def lu xaw
ca dekk ba, bu jógé ku mu ko wax nga
ne ko : "loolu xamoon naa ko bu yàgg".
be noppi nga taaj ko teesante ne ko :
yaw kat yaa ne nàngam ne nàngam".
Ba ndaw si muje rus, waat ci yàla ne
bàyyi na fen.
Bi Mbaba, juróòm ñaareelu doomu góòr gi
mëtee am jabar, mu def ni mag yi, dem fa ñu
ko yebal, waxtaan ak as ndawam, dellusi ci
baayam ne ko :"baay ki nga ma yebal de
ñu ne baax na gépp mbaax wante dafa
dof. Pàppaam ne ko:"ba ko te seeti keneen
dof du goro te du jabar". Ndeyi Mbaba
jóg ne ko :" sa pàppa dafa la bañ

ndax yagg nga degg ñu naan :"jabaru
diw de dof la ; moom de lu ñu ko def
neex na ko, moom amul mbañ, du jàm
bat dara". Noonu la dof di seeye. Sa pàppa
faj na dëmm, faj ku siis, faj doxkat, faj
yàqkat. Faj waxkat, faj fenkat ne mënula
faj dof. Defa la bañ. Wante sax, bañu la
man la añaane, ndax man, yaw kenn rek
laa am. Ñii, bokkoog ñoom ndey ;
loo tax mu añaane ma ma am goro bu
baax. Wante bu soobee yàla mu neex ko
mu naqari ko dinga ko takk".
Pàppay Mbaba tontu ko ne :"li ma ci xam daal,
wax naa leen ko.
Sooleen toppee sama ndigal baax na soo
leen ko toppul it baax na. "Waxu mag de
daan na gudde àll wante du fa fanaan"
mu yàgg yàgg dingeen gis lu ma leen wax".
Mbaba deeg waxu ndeyam dem takk dof ba.
Mu seeysi mook lool. Ligeey yi kër ga yëp
moo ko gàddu, mu nangul ndeyu Mbaba lool
ba ndeyu Mbaba kumaase naan doom ji :
"gis nga li ma la doon wax sa jabar lu
muy def ci kër gi say jabaru mag yi duñu
def genn-wàllaatam".
Pàppay Mbaba xaw ci am kersa ndax baat
yi ko ndeyu Mbaba sanni. Wante li wolof
Njaay di wax naan "gaalu dof du téér".
Mën nañu ci yokk ne :"dina téér wante fa
muy tééri du neex mbokk ya". Benn bës
Mbaba ligééyi ba wacc, bàyyééko ca tool ya
jabaram tanqal ko ndox mu sangu, lal
ndësam ci biti, mu xawa lëndëm mu tëdd
nelaw. Kumba, mooy turu jabarji, togg reer
be noppi, dem di gëli lampp ba ndax mëna
yekk. Bimu rombbee nijaay ji, leerayu

.../...

lampp bi dal ci ndombu xapp gi ñu ëwe lu
ñuul te nijaay ji takkoon ko ci ndiga li,
Kumba yaakar ne jaan la, daw féq kuur
ga mu doon soqe, door ko lu mët ñeenti
lay
yoon ci ndombo gi, naan jaan/rey
ndeke rey na jëkkëram.
La ca pap ji doon ragal am na ca.
Kon nak, gaalu dof ba téér na
wante fa mu téére neexul mbokk ya. Waxu
mag it gudde na àll wante fanaanu fa.
Bi Mbabaay Faatu, Fekkoon na kumba tollu ci
biiru jurèèmi wéér wàla jurèèm benn. Bi yàla defe
mu wësin ñu ne kom-ka liir
bi juddu na fekk baayam genn àddina, nañ
ko tudde pàppaam. Ñu tudde ko ko yokk ci
turu yaay ji maanaam Mbaba kumba.
ba Mbaba feree, ñu yobu ko ca
daara ja muy jàng. Yàla ubi
xel mi lool, sëriñam ànd ak moom
dem. Bu mu dellusse nag nekk na bo
room xam xam bu mag. Benn maget
bu doon                jur ca dekk ba
sarax ko moom Mbaba menn xar,
wnte xar ma, xarum sedeet la woon
Mbaba yar xar ma, mu màgg, nekk
kuuy mu rafet. Mu am meen at mo
xam ne Mbaba amul xarum tabaski, lu
ko mosut dal ndax yàla dààn na def
at mu jot Mbaba am xarum tabaski. At
moomu,xar dafa jafewoon lool. Bamu
ko defee, Mbaba fas yeene rey xaram
ma. Ba tabaski bi desse ay fan, wa
dëkk ba ne ko :"Mbaba ana sa xarum tabaski".
mu ne leen :"sama
xar mii ma yar laay rey". Ñu ne ko

"xana danga dof yaw, ba nga juddo
ak tey mës nga degg du ñu reye xarum
sedeet ba nga gis ko" Mu ne leen :"bu
amee xam xam, ma ko ko ëpp.
Bu soobe yàla dinaa ko rey".
Bësu juli ga, Mbaba
Sangglu xar ma dem julli ji. Ba mu dellusee
Mbaba tërlu xar ma, tég paaka bi ci
baatu xar mi ne ko "un hunhu" mu bàyyi
Déwén sa, mu nàkkaat xar ci ndokolu
yàla, mu ne nak :"ren amul lu xar miy
wax ba du ma ko rey". Ba mu
jullige be ñëw mu tëral xaram, tèg
paaka bi xar mi ne ko:"un hunhu"
mu ne ko "hun hu hunhu" daldi
dawal paakaam, rey xar ma. Fi mu ko
bàyye. Muy sedd, doomu aawoom mi
nga xam ne séétlu na jëfu baayam bu
baaxa baax wo doom wujje yaayam
ca ginaw kër ga ne ko :"kaay nu
def li baay doon def xar mi léégi".
Mu ne ko ayca". Doomu aawo Mbaba
Kumba tëëral doomu wujje yaayam, jël
paaka ba tèg ci baat ba ne ko
"Néél un hun hu" xale bi ne : "un hun hu"
Mu tontu ko ne :"un hu hun hu" rek daldi
koy rendi.
Naareeli jabaru Mbaba
Kumba, di ndeyu xale bi ñu rey doon
jògé ca téén ba di ñibbi ca kër ga,
mu gis doomam di wéqu, bapp bi tagale ko
ak yaram wi. Mu sanni paan ba mu yenu
woon, daw ni ngalaw, dem kër ga dellusi
ak ab kuur, dôôr doomu wujje wi boppu
kooku toj tasaro, mu de. Aawo Mbaba bi

.../...

gennoon doon seddle yàpp dekk ndo yi.
Ba mu gisee ne wujeem rey na doomam, mu
jël moon it kuur tek ko ko ba mu de.
Mbaba Kumba yèg xew-xew bici dëkk ndo
yi te giis yëp, genn moom itam. Ba mu séénee
nééwu doomam yi ak bu ñaareelam,
mu defe ne aawoom la rab yi daan mu
rey leen. MBaba jël jaaseem rey ko. Mu
daldi doon seytaane suy laaw.
MBaba ba mu pare jëfam ju ñaaw jooju
muy jooy di yuuxu, di buddi kawaru boppam
di xotti yéreem. Muy waxtu di naan :"rab
yu bon yi ñoo ko deflo lii, ñoo ko tek lii
ñoo motal seen yenn yu bon yi ci moom".
Dëkk ndo yi ëpp doole ca dëkk ba jàpp ko,
diri ba ca pénc ma, ca taatu garab ga.
Magu dëkk bi dajewoon nañu ci pènc mi
ci lu gaaw. Ku ci mag, di boroom dékk bi
Ne Mbaba Kumba :"MBaba, Mag ñi daanañ
wax ne :"waxu mag dina gudde àll wante
du fa fanaan mukk". Sa maam bu gôôr
aayewoon na sa baay mu takk sa yaay wante
sa baay topp waxu yaayam téggi sa waxi baay
takk sa yaay, sa yaay di ab dof. Loo ca
giis sa baay ki nga xam ne moo la jur
mo ko rey. N̂u fi nekk ñepp xam nañ xew
xew boobu.
Seytaane googu jégé ci ñaka
degg ndigal gi sa baay tegoon sa maam
moo la tôpp tey, te waroon na tôpp sa mén
yëp. Yàla baax na bi nga xamee ne yaw
rek la sa baay am. Wante ginaaw seytane
googu jéém nga weddi xam-xamu cosaan
be tax nga rey xarum sedeet ci lu utu aaye

gula say dëkk ndo aaye, lu utu itam
bañ gi xarmi bañ.
Amaana da nga yaa
kaaroon ne sa xam xamu alxuraan ju
dëgër ji nga am ak lislaam giy sa diine,
mën na faxas sanu xam xamu cosaan gii
xoolal li sa Jëf indi tey, tassare nga sa njaboot
ndax sa ñàkk degg, ay njaboot a ngiy jooy
seeni doom yu jigéén ak seeni sët. Ndax yaw
seytaane su mag/daanu ci num, ci dëkk bi (dina)
bépp. MBaba lislaam diine la ; mënul te
warula faxas sunuy aada, sunu xam xamu
cosaan. Lislaam, Mbaba mën na ñoo yobbu
àjjana wante sunu xam xamu maam yi
mën na ñoo tééte ci dunya bi. Lislam ak
sunu aada dañoo wara book nekk. Mbaba
waxoon nañ la ne xarum sedeet kenn
waru ko rey. Rey nga ko wante do ko fi
togge. Jël ko, yobbu ko fo xam. Boo
pare nga gen dekk bi".
MBaba gaddu xar ma jëm ag moom ca ga-
naaw dekk ba fekk amoon na fa benn
téén bu amul menn ndox, mu fas yeene
fa sanni xar ma. Bi mu ko sannee, ndeke
béjjénu xar ma laxasu ca téére baatam ya ak
ca laafu mbubbam ma, xar ma xeccale
MBaba Kumba, mu àndak moon ca biir téén
ba. Wa dëkk ba séén loolu, daw doon ko
walusi. Nëpp ñëw wër téén bi foofu mu
dagge ca ganaaw, màbb, nëpp surux ca biir
menn mbindeef reka desoon ca dekk ba. Jenn
jigéén ju maget joo xam ne goroom tégoon
na cinam, diwlin ja ñor, fekk goro ba
delluseegul; maam ba jóg ne def koy rosil

.../...

Ba mu sannee yàpp wi ci biir cin li mu
def benn tag tag rek jàpp ci musóóram,
~~xxxxxxxxxxx~~ maget ma dam di patamtu, xamatul fumu jëm,
muy ñuuxu ci sakket yi ak néég yi. Dëkk
ba yëpp takk daldi def dóóm.
Lii mooy "Musibaay MBaba Kumba". Xaw-xew
bi maa ngai ko degge ci sama baay ba ma
nekkee xale. Suma toppoon yóón waru ma
ko woon nettali lu moy ay xale wàla
ci mbootaayu guddi téér, ndax sa baay waroon
na la ko nettali. Wante ginaaw sama
xarit nga, te it amulo wërsëku yaroo ci
dëkku àll yi, nettali naa la ko te ma ngi
lay ñaanal mu indil la wërsëk ci li jëm
ci jëriñoo ki nga ko bëgg jëriñoo.